

Sekirite lè w ap kwit manje

Kwit manje se yon aktivite ki mete fanmi ak zanmi chita ansanm, ki ba yo yon okazyon pou ekspri lespri kreyatif yo, epi ki kapab pemèt yo rilaks yo tou. Men èske ou konnen dife moun itilize pou kwit manje se premye kòz ki fè dife pran nan kay ak moun blese nan kay? Si ou swiv kèk ti konsèy sou sekirite ki endike anba la a sa kapab evite dife sa yo.

“KWIT MANJE OU AVÈK PREKOSYON”

- » Montre ou vijilan! Si dòmi nan zye ou oswa si ou te bwè alkòl pa itilize fou ni fwaye fou a.
- » Rete nan kuizin nan pandan w ap fri, griye, oswa bouyi manje. Si w ap kite kuizin nan pou menm yon peryòd tan ki kout, etenn fou a.
- » Si w ap kwit manje avèk yon ti dife, si w ap kwit manje andedan fou a, oswa si w ap griye manje, tcheke li souvan, rete nan kay la pandan manje a ap kwit, epitou itilize yon minitè pou fè ou sonje w ap kwit manje.
- » Mete tout sa ki kapab pran dife — gan izolan, veso bwa, anbalaj manje, sèvyèt oswa rido — lwen avèk fwaye fou ou.

Si ou gen yon ti dife ki pran pandan w ap kwit manje (nan grès) epi ou deside etenn dife a...

- » Sou fwaye fou a, toufe flanm yo. Pou fè sa, glise yon kouvèti sou kaswòl la epi etenn brilè a. Kite kaswòl la kouvri jouk li refwadi nèt.
- » Pou yon dife ki pran nan fou, etenn chofaj la epi kite pòt la fèmen.

Si ou pa byen konnen kijan pou etenn yon ti dife...

- » Senpleman soti deyò! Lè w ap soti, fèmen pòt la deyò ou pou ede ou metrize dife a.
- » Rele 9-1-1 oswa nimewo ijans lokal ou pandan ou deyò kay la.



Kwit manje lè gen timoun

Kreye yon “zòn pou timoun pa pwoche” sou yon distans ki omwen 3 pye avèk fou a ak zòn kote w ap prepare oswa pote manje oswa bwason cho.

PWEN ENPOTAN

- ! Kòz prensipal dife ki pran nan kuizin se lè yon moun kite manje ap kwit san siveyans.
- ! Pifò dife ki pran lè manje ap kwit nan kay gen pou wè ak fwaye fou a.



Sous enfòmasyon pou SEKIRITE ou

Divizyon Edikasyon Piblik NFPA • 1 Batterymarch Park, Quincy, MA 02169